

Chè fanmi OSS,

Nou te pataje sa nan kominikasyon semèn pase a, men nan ka w te rate li, men ak sa w ka atann semèn pwochen si pitit ou retounen pou aprantisaj an prezansyèl

### **Ekip Ansèyman Prezansyèl la**

Jan nou te mansyone sa nan yon mizajou kominikasyon fanmi pi bonè, pwofesè prezansyèl edikasyon espesyal, ak founisè sèvis ki asosye yo gendwa diferan parapò ak pwofesè ansanm ak founisè a distans yo. Anplwaye yo gendwa chanje pandan aprantisaj an prezansyèl la, piske anplwaye yo gendwa bezwen pran yon konje oswa pase nan ansèyman a distans akòz sikonstans atenyant yo. Distri nou an ap fè tout sa nou kapab pou prezante w rapidman bay ekip ansèyman prezansyèl pitit ou a avan li kòmanse ansèyman prezansyèl la.

**Antre/Soti** (Ki Soti nan Depatman Edikasyon Elemantè ak Segondè Massachusetts, Memo 9 jiyè: "Konsèy Otòn 2020 Sèvis Edikasyon Espesyal

Lè n ap planifye pou egzijans distans fizik pou elèv ak granmoun nan yon sal klas, lekòl, ak distri ta dwe konsyan edikatè espesyal yo ansanm ak founisè sèvis ki pral bezwen antre nan klas nan lekòl la pou yo vin bay elèv

ki gen andikap sèvis nan yon anviwònman ki genyen mwens restriksyon. Konsa, CPS pral fè sa ki annapre yo:

- Devlope devwa sal klas ak prekosyon ansanm ak sèvis livrezon orè pou elèv ki gen andikap yon fason pou yo resevwa sèvis konsistan ak IEP yo nan anviwònman ki genyen mwens restriksyon posib, pandan an menm tan l ap chache kenbe pwotokòl sante ak sekirite aktyèl yo. Sa gendwa vle di yon pwofesè edikasyon espesyal oswa founisè sèvis konsène a te ka bay sèvis nan sal klas a distans apati enteryè yon batiman ak videyo konferans, olye li vini nan sal klas la pou li bay sèvis. Pratik sa a pral ede minimize sikilasyon a pye antre soti pandan an menm tan l ap bay aksè (p. 7).
- Si elèv yo pa ka resevwa sèvis a distans pa videyo konferans, donk gen lòt opsyon nou gendwa bezwen anvizaje. Lè n ap detèmine aranjman sal klas pou akomode egzijans distans sosyal yo, lekòl ak distri yo ta dwe pran an konsiderasyon edikatè espesyal anplis ak founisè sèvis ki konsène yo ki pral bezwen antre nan klas la pou bay sèvis pou jèn timoun ki gen andikap nan yon anviwònman ki genyen mwens restriksyon. Daprè direktiv Depatman an ke elèv nan nivo elemantè rete nan yon sal klas pandan pifò tan pandan jounen an, distri a gendwa vle anvizaje si yo ka ofri sèvis travay endividyèl dapre direktiv sante ak sekirite oswa, de preferans, si yo ta dwe ofri sèvis yo andedan sal klas (paj 12).

### **Mete Mask**

Li enpòtan pou tout moun mete mask pou redui pwopagasyon transmisyon pandan yo nan espas piblik. Sepandan, nou okouran ke kèk elèv, gendwa pa ka mete mask akòz yon maladi oswa akòz yon andikap timoun. Si se sa, tanpri enfòme administratè ka pitit ou a rive mèkredi pwochen. Si yon timoun pa ka mete mask, fè tantativ yon pwoteksyon figi. **Tanpri gade dokiman *Egzijans Mask ak Konsèy ki akonpaye lèt sa a oswa sèvi ak lyen [Sa a](#).***

Pou ede w ankouraje pitit ou a mete mask, nou te ofri w resous ki vini annapre yo ke youn nan espesyalis konpòtman nou yo, Kaitlin Barlow, te devlope: Kijan Pou Ede Pitit Ou Tolere Mete yon Mask (Google Slides) [Gade Videyo](#)

### **Elèv K ap Pataje Materyèl (Jwèt, Liv, Ekipman)**

Elèv ki nan menm sal klas oswa kowòt ka pataje yon ansanm materyèl, depi yo lave men yo avan ak apre yo fin sèvi ak materyèl yo. Si yon elèv moulen oswa estène sou yon jwèt, liv, oswa lòt materyèl yo pataje nan klas la, yon anplwaye pral dezenfekte materyèl la pandan li pral sèvi ak dezenfektan netwayan EPA apwouve ke distri a te achte. Anplwaye a ap mete tou materyèl la sou kote pandan 24-48 èdtan avan li pèmèt yon lòt elèv sèvi avèk li. Sa pral retire nenpòt tras dezenfektan. Ni elèv yo ni anplwaye yo ta dwe lave men yo oswa sèvi ak dezenfektan pou men imedyatman apre.

### **Manje**

Lekòl la pral devlope yon orè manje k ap pèmèt elèv yo manje deyò antanke klas oswa deyò sal klas yo.

Ap gen pwosedi anplis k ap vini annapre:

- Manje maten ap disponib nan yon fòm "pran epi ale" pandan elèv yo ap antre nan bilding lekòl la, epi gendwa prale nan klas yo.
- Pou manje midi, y ap kòmande manje yo an kantite pandan elèv yo ap swiv kou. Yon anplwaye ke yo idantifye nan chak lekòl ap livre manje midi a nan pòt sal klas la.
- Elèv yo ap manje deyò oswa andedan klas yo ak pou pi piti 6 pye distans sosyal. Y ap bay elèv yo yon aktivite pou li fè an silans pandan li nan plas li lè li fin manje, pou asire ke yo pa pale, rele, oswa plede deplase nan espas la pandan pifò elèv yo te retire mask yo.
- Y ap fèmen fontèn moun bwè dlo pou evite konfizyon, men bilding yo genyen kote pou moun ranpli boutèy yo ak goblè yo bay yo. Pou evite rasanbleman bò pwèn pou ranpli boutèy yo, n ap ankouraje elèv ak anplwaye yo pote boutèy yo tou ranpli chak jou.

### **Chache/Depoze**

Pou enfòmasyon sou depoze ak chache elèv, tanpri refere w ak pwosedi lekòl la.

### **Transpò**

- Pou sekirite chofè ak elèv, li enpòtan anpil pou elèv yo mete mask yo oswa pwoteje figi yo pandan yo nan bis la. Yon pwotektè viris oswa yon chapo ki gen yo ekran ki enstale nan pwent li gendwa pi konfòtab pou elèv ki genyen pwoblèm sans oswa lòt pwoblèm ki rann li enposib pou mete yon mask.
- 1. Lè bis la rive nan yon arè, monitè a ap desann pou sipèvize jan pasaje yo ap monte bis la.
- 2. Apre l fin asire li ke chak elèv mete mask yo (pandan l ap bay mask rezèv si sa nesèsè), monitè a ap flite dezenfektan pou men sou men elèv yo pandan y ap monte. 3. Nan bis ki gen gwozè estanda, y ap mete tep sou chèz yo pou raple yo ke yo dwe chita gaye, yon timoun pa chèz.
- 4. Pandan y ap monte bis la, elèv yo dwe ale nan dèyè bis la, epi chita nan dènye chèz ki disponib la. Elèv yo ap resevwa enstriksyon pou rete nan plas yo lè yo rive nan lekòl

la oswa lakay yo jiskaske se tou pa yo pou desann bis la.

- **Tanpri pale ak Biwo Sèvis Elèv yo si w kwè ke elèv ou a p ap kapab ranpli kondisyon sa yo yon fason pou founisè transpò nou an ka planifye alavans pou pwoteje chofè a nan mezi sa posib.** Chofè yo pral otorize elèv yo monte fougou oswa bis la san yon mask, men li enpòtan pou respekte sekirite yo pandan w ap bay avètisman alavans sou pwoblèm nan yon fason pou genyen maksimòm distans sosyal.
- Moun k ap pran swen yon elèv ki genyen IEP kalifye pou ranbousman milyaj si yo chwazi mennen elèv yo lekòl (nan Cambridge oswa nan yon plasman ki pa nan distri a).

Si w genyen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte administratè ka pitit ou a oswa direktè bilding nan

An Patenarya,

Biwo Sèvis Elèv Yo